



HIBISCUS ELEMENTARY SCHOOL

23 Mas 2021

Chè Paran/Gadyen Lekòl Leta Miami-Dade County:

“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) se yon defansè pou elèv ak fanmi li yo. Depi kòmansman pandemi an, sante ak byennèt elèv yo ak anplwaye yo te yon priyorite pou distri lekòl la. Anplis mezi prevansyon nou enpleman pou konbat COVID-19 la, M-DCPS te aktif nan bay sèvis ak resous adisyonèl pou fanmi nou yo e nou rete an kontak ak ofisye sante piblik lokal, eta ak nasyonal yo. Avèk vakans prentan an ki ap pwoche, nou ankouraje w revize règleman ak restriksyon COVID-19 CDC pou vwayaj nasyonal ak entènasyonal anvan ou fè plan pou vwayaje. Nou sipliye w pou pa fè vwayaj lokal oubyen aletranje.

“The Centers for Disease Control and Prevention (CDC)” (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) mande tout pasaje ki ap rive Ozetazini soti nan yon peyi etranje pou yo teste pa plis pase twa jou anvan depa yo. Vwayajè yo dwe prezante yon rezilta negatif oswa dokiman bay konpayi avyon an ki endike yo pa gen COVID-19 anvan yo monte avyon an. Pasaje ki pa kapab bay rezilta negatif pap ka rantre nan peyi a.

Nou konseye w kolabore nan efò nou yo pou ankouraje pratik prevantif COVID-19 yo kontinye tankou mete mask oubyen kouvri figi w, lave men souvan oubyen sèvi avèk dezenfektan pou men, e kenbe distans fizik sis pye toutotan li posib. Fè direktris lekòl pitit ou a konnen si pitit ou a teste pozitif pou COVID-19 oubyen li te an kontak depre ak yon moun ki gen viris la.

Silvoulè kontakte lekòl pitit ou a avèk kesyon ou genyen. Mwen swete w yon agreyab vakans prentan.

Sensèman,

Direktris Hibiscus Elementary School

*Barbara Vinas*

